## «НОХЧИЙН ЗУДЧУН ДЕННА» ЛЕРИНА СУЬЙРЕ

**(*Литературно-музыкальни композици*)**

*(5-11 классашкарчу дешархошца кхетош-кхиоран мероприяти)*

**1алашо:** нохчийн къоман йахьйолчу турпалхойх-зударех лаьцна довзийтар; вайн а, кхечу къаьмнийн а йаздархоша а, 1илманчаша а нохчийн зудчун хадийна лакхара мах бовзийтар; дешархойн дегнаш чу зударшка ларам кхоллар.

**Г1ирс:** компьютер, магнитофон, микрофон.

**Хьехархо:** Мусаев Насруддин Хеди.

**Классаш:** 5-11

### Мероприяти д1айахьар

**Хьехархочун дош:** Зударийн де даздар вайн президент волчу Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзана д1акхайкхийна 2009-чу шеран чиллин баттахь. Вайн Республикехь х1ора шарахь товбецан беттан кхоалг1ачу к1иран дийнахь даздеш ду. И де деза кхайкхор лерина ду, Кавказски т1еман хенахь Дади-Юрт йага а йина, шовзткъа йо1, коьртехь Дадин Айбика а йолуш, ййисаре лаьцна. Шаьш Теркал дехьа дохуш хи чу кхийсаделла и зудабераш. Ладог1арна массарна Дела реза хуьлда! Ткъа х1инца кхид1а вайн дешархоша йовзуьйтур йу цу мехкарех лаьцна истори.

**1-ра д1ахьошверг:** Массеран де дика дойла! Марша дог1ийла шу, х1окху «Нохчийн зудчун денна» леринчу цхьаьнакхетаран декъашхой!

**2-г1а д1ахьошверг:** Тахана вай дуьйцур ду уггар дезчу, сийлахьчу, дуьненан къинхетам, йалсаманера схьайеана оьздангалла ларйечу нохчийн зудчух лаьцна: вайн къинхетамечу нанойх, хьомечу йижарех, вайн кхетам лучу денанойх, ненананойх, дуьне хаздечу мехкарех.

**1-ра д1ахьошверг:** Ткъа х1инца вай цхьаьнакхетарехь дош лур ду ишколан директор йолчу Самбиев Мирзин Малике.

**2-г1а д1ахьошверг:** Мила йу-те и нохчийн зуда?

Малх бара иза, и лаьттахь йацахьара,

Зезаг дара иза, 1а дацахьара,

Иман-беркат дара иза, вай сий дахьара,

Дукха йехар йара иза, вай дог эцахьара!

**1-ра д1ахьошверг:** Нохчийн Республикин куьйгалхочун Кадыров Рамзанан омрица товбецан беттан кхоалг1а к1иранде «Нохчийн Зудчун де» ларар ч1аг1дина.

**2-г1а д1ахьошверг:** Стихотворени «Зударийн дезде» д1айоьшу 9а классера дешархочо Юсупова Тамилас:

Зударийн дезде ду – шарахь хьо цхьаъ.

Массо а зудчунна кхочийла кхаъ,

Зезагаш денлойла шун дегнашкахь,

Ирс дайна ма лела шу дуьненахь.

Йерриге хазалла Дала шуна йелла,

Дуьненан б1аьсте а шу хиларца йу,

Уггаре деза совг1ат тхуна дина хилла –

Тахана тхан дуьхьа шу дехаш ду.

Даима лараме зуда йу аьлча,

Дайн г1иллакхаш ца довлу вайн дагара:

Зудчо шен коьртара йовлакх охьатесча,

Мел луьра хиларх а дов духура.

Нана а, йиша а мел йеза йу,

Цушинца даима маьлхан нур ду.

Дуьненахь шу хилар тхан токхо йу,

Тхан баркалла даггара шуна лерина ду.

**1-ра д1ахьошверг:** Дукха йу нохчийн зудчун йеза, сийлахь аг1онаш. Ши б1е шо хьалха паччахьан эскаро Дадин-Юрт йохийна йийсаре буьгуш болу мехкарий хи чу лилхина, 1ожалла т1еэца резахилла уьш, шаьш сийсаз ца байта.

Ткъа х1инца «Нохчийн йо1» ц1е йолу йиш д1алокхур йу вайна 6 «А» классера дешархочо Исрапиева Марьяма

**2-г1а д1ахьошверг:** Уьш хестор бу лаьттана гонаха малхо го мел туьйсу. Ткъа х1инца вайн лараме хьехархой зударийн дезчу денца декъалбеш, шен хазчу хелхарца йукъайер йу 10-г1а классера дешархо Абубакарова Иман.

**1-ра д1ахьошверг:** Тахана вайн Республикехь дукха бу вай дозалла дан, халонаш лайнехь а, шайн син-оьздангалла ларийна, шайн кхерчаш ларбина тешаме зударий, халкъан дуьхьа шайн к1ентий д1абелла наной, вежарийн сий лардеш дуьненахь, къемат-дийнахь цаьргара къинойн мохь схьаэца кийча болу йижарий.

**2-г1а д1ахьошверг:** Ткъа х1инца вайн хьомечу наношна шен иллин совг1ат кечдина 1аш йу 6-г1а «А» классера дешархо Осмаева Сабина.

**1-ра д1ахьошверг:** Наной, йижарий, х1усамнаной! Дала сий дойла шун! Дехийла шу ирс долуш тхуна, махкана дуккха а шерашкахь. Дала декъалдойла шу!

**2-г1а д1ахьошверг:** Баркалла таханлерачу цхьаьнакхетаран декъашхошна-хьешашна, хьехархошна, дешархошна. Нохчийн къоман оьздангаллин серло дуьненчохь латто йехийла-кх Нохчийн зуда-нана, йиша, х1усамнана!